

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ

كما خص الله تعالى بالتذکر أهل الإنابة وهم الراجعون إليه ، وأهل الخشية وهم الخائفون منه ، وأهل الإيمان وهم المصدقون به وبرسوله وبوعده ووعيده ، فقال الله تعالى :

﴿ هُوَ الَّذِي يُرِيكُم آيَاتِهِ وَيُنزِلُ لَكُم مِّنَ السَّمَاءِ رِزْقًا وَمَا يَتَذَكَّرُ إِلَّا مَن يُنِيبُ ﴾ . [غافر : ٤٠ / ١٣] .

وقال تعالى : ﴿ فَذَكِّرْ إِن نَّفَعَتِ الذِّكْرَى ﴿١﴾ سِيذَكُرْ مَن يَخْشَى ﴾ [الأعلى : ٨٧ / ٩-١٠] . وقال تعالى : ﴿ وَذَكِّرْ فَإِنَّ الذِّكْرَى تَنفَعُ الْمُؤْمِنِينَ ﴾ [الذاريات : ٥١ / ٥٥] .

Kados enggènipun Gusti Alloh nertemtokaken tadzakkur (purun ngalap pitutur) dateng ahlul inabah (inggih punika tiang-tiang ingkang sami - wangsul dateng Alloh), ahlul khosy-yah (inggih punika tiang-tiang ingkang sami ajrih dateng Alloh) lan ahlul iman (inggih punika tiang-tiang ingkang sami ngèstokaken dateng gusti Alloh, utusanipun, janji lan ancamanipun). Maka ngendika Alloh Ta'ala: Gusti Alloh iku Dzat kang ningalaken maring sira kabeh ing tanda-tanda (kekuasaan)nè, lan nuru naken kanggo siro kabeh saking langit ing rizki. Lan ora pada ngalap pitutur kejaba wong kang pada bali (maring gusti Alloh) [QS.Ghofir/40:13]. Lan Alloh Ta'ala ngendika : Lan mituturana sira (Muhammad), lamon manfangati iku pitutur (9). Bakal ngalap pitutur wong kang wedi (maring Alloh). [QS. al-A'laa/87:9-10]. Lan Alloh Ta'ala ngendika: Lan mituturana sira (Muhammad), maka satuhune pitutur iku manfangati maring wong-wong mu'min [QS.al-Dzariyat/51:55].

فشرع التذکر وأمر به رسوله عموماً ، وخص بنفعه المؤمنين من عباده ، وكان ذلك لهم حجة عنده ومحجة إليه ، كما كان على الآخرين حجة قائمة مدحضة لحججهم الباطلة ، فإنهم أعرضوا بعد العلم ، وأنكروا بعد المعرفة ، ولم يستجيبوا لله ورسوله ، ﴿ وَقَالُوا قُلُوبُنَا فِي أَكِنَّةٍ مِّمَّا نَدْعُونَآ إِلَيْهِ وَفِي آذَانِنَا وَقْرٌ وَمِن بَيْنِنَا وَبَيْنِكَ حِجَابٌ فَاعْمَل إِنَّا عَمِلُونَ ﴾ [فصلت : ٤١ / ٥] . ﴿ وَأَقْسَمُوا بِاللَّهِ جَهْدَ أَيْمَانِهِمْ لَئِن جَاءَهُمْ نَذِيرٌ لَّيَكُوننَّ أَهْدَى مِنَ الْإِجْدَى فَلَمآ جَاءَهُمْ نَذِيرٌ مَّا زَادَهُمْ إِلَّا نُفُورًا ﴾ [فاطر : ٣٥ / ٤٢] .

Maka Gusti Alloh Ta'ala nyaringataken tadzakur (ngalap pitutur) lan dawuhaken tadzakur kalawahu dateng utusanipun kanthi sumamberah (umum), lan Alloh nertemtokaken kemanfangatipun(tadzakur) dateng tiyang-tiyang mukmin saking para kawulanipun. Lan ingkang mekaten punika (wontenipun tadzakur) dados hujjah (ingkang manfaat) tumra pipun tiyang-tiyang mukmin wonten ngarsanipun Gusti Alloh lan dados dedalan (ingkang) tumuju dateng Panjenenganipun (Alloh).Kados denten wontenipun tadzakur punika tumrap sanesipun (tiyang mukmin) dados hujjah ingkang jumeneng, ingkang melèsètaken dateng hujjah-hujahipun ingkang batil, karanten satemenè sanesipun tiyang mukmin punika sami melèngos saksampunipun mangertos, sami ngingkari sasampunipun ma'rifat lan sami mboten nembadani dateng (pangundangipun) Gusti Alloh lan rosulipun, "Lan wong wong kafir pada matur (maring Kanjeng Nabi), manah kita punika wonten salebetipun tutup saking perkawis ingkang panjenengan ngajak , wonten talingan kita ènten sumpelipun, antawis kita lan panjenengan ènten aling-alingipun (hijab), maka panjengen ngelampahana (agama panjenengan) lan satemenè kita ngelampahi (agama kita)"[QS.Fusilat/41:05]. " Dewekne kabeh pada sumpah demi Alloh kelawan satemen-temene sumpah,lamon teka marang dewekne kabeh wong kang meden-medeni (wong kang aweh pepèmut), maka dewekne kabeh iku dadi wong kang luwih olèh pituduh nimbang saking salah sijine piro-piro umat. Maka arikalane wong kang meden-medeni teka marang dewekne kabeh, ora nambah marang dèwèkè kabèh kejaba rasa gethingè. [QS.Fathir/35:42]

فهذا وصف من دعاه ربه إلى توحيدهِ وطاعته على لسان رسوله فأبى واستكبر ، وجحد وكفر . ومن آمن بلسانه وصدق بظاهره ، وأنكر بقلبه فهو المنافق ، الذي له ما للكافر وعليه ما عليه من غضب الله ولعنته .

Maka sifat punikolah (melèngos lan inkar) sifatipun tiyang ingkang dipun ajak dening pangeran dateng tauhid (nyewijèkaken) lan taat (ibadah) dumateng Alloh, lumantar lisan rosulipun, mangka dewekne mampang (nentang),gumede,angas lan kufur.

Sasintena tiyang ingkang iman kelawan lisan, ngestokaken kelawan dzohiripun lan inkar kelawan manahipun, mangka tiyang kasebat punika tiang munafik, tiyang ingkang nampi tatrapan sami kaliyan tiang kafir, inggih punika arupi bebendu lan la'natipun gusti Alloh.

ومن آمن بقلبه ولسانه ، وضيع ما فرض الله عليه من طاعته ، وارتكب ما حرّم الله عليه من معصيته ، فأمره في غاية الخطر ، ويخشى عليه إن لم يتداركه الله بالتوفيق لتوبة خالصة قبل مماته أن يلتحق بالمنافقين والكافرين ، ويكون معهم في نار الله الموقدة ﴿ أَلَّتْ تَطَّلِعُ عَلَى الْأَفْئِدَةِ ﴾ ﴿٧﴾ إِنَّهَا عَلَيْهِمْ مُّؤَصَّدَةٌ ﴿٨﴾ فِي عَمَدٍ مُّمَدَّدَةٍ ﴿ [الهمزة : ١٠٤ / ٩٧] .

Lan sasintena tiyang ingkang iman kanthi manah lan lisane, lan piyambekipun nyiya-nyiyakaken punapa ingkang dipun fardukaken dening gusti Alloh arupi tongat dateng panjenenganipun, lan piyambakipun ngelampahi punapa ingkang dipun haromaken dening gusti Alloh arupi durhaka (ma'siyat) dateng panjenenganipun, maka urusani pun tiyang kasebat wonten wekasanipun kekhawatiran, lan piyambakipun dipun khawatiraken – menawi gusti Alloh mboten nusulaken dateng piyambakipun pitulungan mertobat ingkang murni saderengipun pejah – dipun susulaken dateng tiyang-tiyang munafik lan kafir lan sesarengan wonten nerakanipun gusti Alloh ingkang mulad-mulad, (Kang mbakar (tumeka maring) piro-piro ati (7) satuhune geni iku marang dewekne kabeh den tungkebaken (8) Ing dalem piro-piro saka kang den dawaka ken (9) [QS. al-Humazah/104 : 7-9] ﴿

فَأْتَبْتُ أَيُّهَا الْمُؤْمِنُ الْمُطِيعُ عَلَى طَاعَةِ رَبِّكَ ، وَاسْتَكْثَرْتُ
 مِنْهَا ، وَاصْبِرْ عَلَيْهَا ، وَأَخْلَصْ لَهَا فِيهَا ، وَدَمَّ عَلَى ذَلِكَ حَتَّى
 تَلْقَاهُ جَلَّ وَعَلَا ، فَيَرْضِيكَ وَيَرْضَى عَنْكَ ، وَيَحْلِكُ دَارَ كِرَامَتِهِ
 ﴿ مَثَلُ الْجَنَّةِ الَّتِي وَعَدَ الْمُتَّقُونَ تَجْرِي مِنْ تَحْتِهَا الْأَنْهَارُ أُكُلُهَا دَائِمٌ
 وَظِلُّهَا تِلْكَ عُقْبَى الَّذِينَ اتَّقَوْا وَعُقْبَى الْكَافِرِينَ النَّارُ ﴾

. [الرعد : ١٣ / ٣٥]

Maka netepana panjengan – duh tiyang mukmin ingkang tongat – atas tongat ibadah dateng pangeran panjenengan, ngatah-ngatahaken tongat, sabar enggenipun tongat, ikhlas dateng pangeran enggenipun tongat lan ngelanggeken tongat kalawahu sahingga pinanggih kaliyan pangeran Jalla wa 'ala (ngantos dumugi pejah), Maka pangeran maringi karidloan lan angridloni dateng panjenengan, lan bade ngenggènaken panjengan wonten griyo panggenan kamulyanipun, (sanepane suwargo kang den janjani wong wong kang takwa iku mili saking ngisore pirang pirang bengawan, panganane langgeng, iyub-iyube (uga langgeng), kang mengkono iku wekasane wong kang pada takwa, lan wekasane wong wong kafir iku (ing dalem) neraka. [QS. al-Ro'du /13: 35] ﴿.

Ma'khodz : Kitab Nashoihud Diniyyah (hal.58 – 59)

Mualif : al-Habieb 'Abdulloh bin Ba'alawie al-Haddad

Mutarjim : Syamsul Qodri el-Falaky.